



SUMATIF AKHIR SEMESTER GANJIL

TAHUN PELAJARAN 2024/2025

Hari / Tanggal :	Nama :
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	No peserta :
Alokasi Waktu : 60 Menit	Kelas : III (Tiga)

I. Berilah tanda silang (x) pada a b c atau d pada jawaban yang tepat !

- Kedadeyan sing wis tau dialami lan tumanen ing ati diarani . . .
 - pengalaman
 - pagaweyan
 - kuwajiban
 - karangan
- Urutna tembung - tembung ing ngisor iki dadi ukara sing bener !*
bapake - bungah - Niken - bisa - ing - biyantu - jambu - kebon - banget
 - Niken bungah banget bisa biyantu bapake ing kebon jambu
 - Niken bungah banget bapake ing kebon jambu biyantu
 - Bapake bungah banget Niken ing kebon jambu biyantu
 - Ing kebon jambu biyantu bapake Niken bungah banget
- Cengkorongan uga diarani . . .
 - judul
 - warangka
 - tema
 - ukara
- Rumus 5W + 1H kanggo nyusun karangan narasi kang ngandharake wektu kedadeyan yaiku . . .
 - what
 - where
 - when
 - how
- Sesawangane nyata katon endah sinawang mata. Tembuh *endah* tegese . . .
 - jembar
 - gedhe
 - apik
 - adhem
- Tandurane katon ijo . . .
 - seger
 - jejer - jejer
 - royo - royo
 - jeder

7. Banyune kali isih megung tur
- a. buthek
 - b. bening
 - c. deres
 - d. cethek
8. Teks sing duweni ancas ngandharake/gambarake yaiku teks
- a. dheskripsi
 - b. narasi
 - c. argumentasi
 - d. eksposisi
9. Sing klebu kewan ingon - ingon yaiku
- a. macan
 - b. wedhus
 - c. baya
 - d. singa
10. Sing klebu pengalaman sing nyenengake yaiku
- a. kecemplung kalen
 - b. ketinggalan sepur
 - c. tuku sepedhah anyar
 - d. kelangan wong kang ditresnani
11. Sing klebu tanduran obat yaiku
- a. lombok
 - b. gedhang
 - c. jahe
 - d. tela
12. Tanduran sing bisa urip ing mangsa ketiga yaikut
- a. tela
 - b. sawi
 - c. tomat
 - d. kubis
13. Mangsa adhem / salju klebu in pranata mangsa ing
- a. Indonesia
 - b. Eropa
 - c. Jawa
 - d. Malaysia
14. Mangsa ngarep - ngarep rendheng, wis ana udan arang - arang, yaiku
- a. ketiga
 - b. rendheng
 - c. labuh
 - d. mareng
15. Sing ora klebu jinise tetuwuhan sing bisa ditandhur ing mangsa rendheng yaiku
- a. pari
 - b. bayem
 - c. jagung
 - d. sawi
16. Geguritan iku yen ana ing basa Indonesia padha karo

- a. puisi
 - b. prosa
 - c. pantun
 - d. cerita cekak
17. Tegese tandha “/” ana ing pamacane geguritan yaiku
- a. mandheg sehela
 - b. mandheg rada suwe
 - c. ora mandheg
 - d. unjal napas
18. Nalika maca sawijining geguritan kudu nggatekake wirama, tegese
- a. isine geguritan
 - b. alon, banter, cetha, lan samara swara
 - c. obaning awak, pasemon, praenan selaras
 - d. Pocapan sing cetha nalika ngucapake swara
19. Nalika maca sawijining geguritan kudu nggatekake wirasa, tegese
- a. irama / lagu / intonasi
 - b. obahing awak
 - c. rasaning swara ati
 - d. pocapan
20. Nalika maca sawijining geguritan kudu nggatekake wiraga, tegese
- a. irama / lagu / intonasi
 - b. obahing awak
 - c. rasaning swara ati
 - d. pocapan
21. Supaya mangerteni isine geguritan, mula macane kudu
- a. sepisan bae
 - b. secukupe
 - c. dibolan - baleni
 - d. ngati - ati
22. Pamarentah gumrengut anggone brastha korupsi.
- Brastha** tegese
- a. mbrantas
 - b. ngulapi
 - c. nyedhaki
 - d. ngadohi
23. Bocah sekolah kudu taberi anggone sinau. **Taberi** tegese
- a. akeh
 - b. betah
 - c. gelem
 - d. sregep
24. Pokok utama underane crita iku kasebut
- a. alur
 - b. paraga
 - c. tema
 - d. latar

25. Pardi dawa tangane. *Dawa tangane* tegese

- | | |
|-------------------|------------------|
| a. seneng jupuk | c. seneng jaluk |
| b. seneng biyantu | d. seneng menehi |

26. Geguritan asale saka tembung

- | | |
|----------|----------|
| a. ratan | c. gurit |
| b. ritan | d. gegu |

27. Pamilihe tembung sing pantes lan mentes dadekake geguritan dadi

- | | |
|----------|----------|
| a. endah | c. dawa |
| b. ala | d. cetha |

28. Supaya bisa nulis lan maca endah geguritan, kudu akeh

- | | |
|------------|-----------|
| a. dolanan | c. turu |
| b. gladhen | d. mangan |

29. *Sayuk-sayuk . . . bebarengan ro kancane.*

Tembung sing trep kanggo njangkepi larik lagu dolanan ing dhuwur, yaiku

- | | |
|-----------|-----------|
| a. rukun | c. urip |
| b. seneng | d. rekasa |

30. *Aku mangan roti, dene bapak . . . gethuk.*

Tembung sing trep kanggo njangkepi ukara ing dhuwur, yaiku

- | | |
|-----------|------------|
| a. mangan | c. dhahar |
| b. nedha | d. ngunjuk |

31. *Manungsa kudu gemi anggone nggunakake energi.*

Tembung gemi tegese

- | | |
|----------|-------------|
| a. boros | c. irit |
| b. akeh | d. ora awet |

32. Nduweni konflik utawa pasulyan sajrone crita iku titikane karangan

- | | |
|---------------|----------------|
| a. dheskripsi | c. eksposisi |
| b. narasi | d. argumentasi |

33. Objek dirinci kanthi sacetha - cethane iku titikane karangan

- | | |
|---------------|-----------|
| a. dheskripsi | b. narasi |
|---------------|-----------|

- c. eksposisi
d. argumentasi
34. Aku nonton wayang ana ing lapangan kelurahan.
Basa kramane nonton, yaiku
- a. mirengake
b. ngendikan
c. mirsani
d. ngagem
35. Kanggo ngasilake geguritan kang apik kudu nggunakake pilihan tembung kang trep diarani
- a. nada
b. suasana
c. irama
d. diksi
36. Karangan dheskripsi ana gayutane karo
- a. latar
b. paraga
c. wektu
d. panca inda
37. Andharan babagan papan, wektu, lan kahanan ing sajrone crita rakyat diarani
- a. tema
b. latar
c. amanat
d. alur
38. Sing klebu katrangan panggonan yaiku
- a. dhek wingi isuk
b. jam papat sore
c. keadaane rame
d. ana sekolah
39. Sing diarani mangsa ketiga yaiku
- a. mangsa blebeh
b. mangsa akeh udan
c. mangsa ora ana udan
d. mangsa hawane adem
40. Wiramaning ukara diarani
- a. nada
b. irama
c. jeda
d. suasana
41. Macan, singa, lan bantheng iku klebu jinise kewan
- a. manut/jinak
b. ingon - ingon
c. galak/buas
d. gedhe
42. Mangsa larang pangan amarga wong tani gagal panen diarani
- a. paceklik
b. pageblug

- c. pagering
d. pailan
43. Sing ora bisa ngendalekake kekarepan yaiku
- a. tetuwuhan
b. manungsa
c. banyu
d. angin
44. Udan sewengi natas. Ukara kasebut tegese menawa udan wis mudhun sasuwene . . .
- a. sajam
b. sadina
c. sewengi utuh
d. seminggu
45. *Gatekna pacelathon ing ngisor iki !*
- Dina : “Mas, ditimbali Bapak.”
- Seto : “Apa, Dhik ? Ditimbali Bapak ?
- Wong Bapak lagi Jakarta kok.”
- Dina : “Tenan kok Mas, Bapak wis kondur”
- Tembung kang trep kanggo jangkepi pacelathon ing dhuwur yaiku
- a. lunga
b. tindhak
c. kesah
d. kondur
46. *Tono, Bapak jupukna unjukan*
- Tandha baca kang trep kanggo ukara ing dhuwur yaiku
- a. pitakon
b. seru / prentah
c. titik
d. koma
47. Rini plesiran ing Pantai Parangtritis ing wayah libur semesteran.
- Tembung *plesiran* tegese
- a. mara
b. piknik
c. namu
d. pinggiran
48. Pak tani ganti nandur palawija nalika mangsa
- a. ketiga
b. rendheng
c. paceklik
d. pailan
49. Cendhek duhuwure swara diarani
- a. jeda
b. irama
c. ekspresi
d. Intonasi

50. Ing ngisor iki kang **ora** klebu titikane mangsa ketiga yaiku

- a. hawane panas lan sumuk
- b. tetuwuhan padha garing lan mati
- c. ora ana udan
- d. hawane adhem